

Avi pou Anplwaye pou Fè li Konnen Entansyon pou Li Itilize Konje Maladi Peye

POU ANPLWAYE A UTILIZE

Dat Demann lan Fèt:			
Non Anplwaye a:		ID Anplwaye a:	
Depatman/Gwoup:		Manadjè/Sipèvizè:	
Adrès:			

Mwen fè ou konnen entansyon mwen pou mwen itilize konje maladi peye nan dat sa (yo) ak nan lè sa (yo):

Dat la:		<input type="checkbox"/> Tout Jounen/Peryòd Travay la	<input type="checkbox"/> Depi ___:___ a.m./p.m. Jiska ___:___ a.m./p.m.
Dat la:		<input type="checkbox"/> Tout Jounen/Peryòd Travay la	<input type="checkbox"/> Depi ___:___ a.m./p.m. Jiska ___:___ a.m./p.m.
Dat la:		<input type="checkbox"/> Tout Jounen/Peryòd Travay la	<input type="checkbox"/> Depi ___:___ a.m./p.m. Jiska ___:___ a.m./p.m.
Dat la:		<input type="checkbox"/> Tout Jounen/Peryòd Travay la	<input type="checkbox"/> Depi ___:___ a.m./p.m. Jiska ___:___ a.m./p.m.

Siyati Anplwaye a	Dat Siyati a
-------------------	--------------

ENFÒMASYON ENPÒTAN

- UTILIZASYON KI OTORIZE:** Dapre Lwa Vil New York konsènan Tan Maladi Peye (Lwa sou Konje Maladi Peye), ou gen pèmisyon pou itilize konje maladi peye pou absans nan travay la akòz (1) bezwen pou swen medikal pou prekosyon; (2) maladi mantal oswa maladi fizik, chòk, oswa pwoblèm sante; epi (3) bezwen pou swen dyagnostik medikal, oswa tretman yon maladi mantal oswa fizik, chòk oswa pwoblèm sante pou tèt ou oswa pou yon manm fanmi ou. Patwon ou ka ba ou disiplin, tankou ranvwa ou nan travay la, si ou itilize konje maladi peye pou yon rezon ki pa sa ki otorize dapre Lwa sou Konje Maladi Peye (Paid Sick Leave Law).
- PREYAVI:** Si ou kapab prevwa bezwen ou pou konje maladi, patwon ou kapab egzijè yon preyavi rezonab sou sèt (7) jou, alekri, pou fè li konnen entansyon ou pou itilize konje peye a. Patwon ou dwe fè ou konnen egzijans li pou preyavi a règleman alekri sou konje maladi.
- KANTITE KONJE MINIMÒM:** Lwa sou Konje Maladi Peye (Paid Sick Leave Law) pèmèt patwon ou fikse yon kantite konje minimòm pou itilize konje maladi ou, men minimòm sa a pa kapab plis pase kat (4) èdtan pa jou sof si lwa leta oswa lwa federal bay pèmisyon pou sa. Patwon ou dwe fè ou konnen kantite konje minimòm pou ou pran an nan règleman alekri sou konje maladi.
- DOKIMAN MEDIKAL:** Apre ou itilize plis pase twa (3) jou travay konje maladi youn-apre-lòt, patwon ou ka mande ou yon nòt ki gen siyati yon pwofesyonèl swen sante lisansye ki endike bezwen pou kantite konje maladi ou itilize a. Patwon ou pa kapab mande ou rezon ki fè w ap itilize konje maladi ou, sof jan lwa leta oswa lwa federal egzijè sa. Patwon ou dwe fè ou konnen egzijans ak metòd pou soumèt dokiman medikal yo nan règleman alekri sou konje maladi.
- FASON POU JWENN YON RANPLASMAN:** Lwa sou Konje Maladi Peye (Paid Sick Leave Law) entèdi patwon ou pou li egzijè ou chèche oswa jwenn yon anplwaye pou ranplase ou pou kantite èdtan ou pwograme pou travay ak planifye pou itilize konje maladi ou.
- VANJANS ENTÈDI:** Lwa sou Konje Maladi Peye (Paid Sick Leave Law) entèdi patwon ou pou li fè aksyon negatif kont ou poutèt ou mande konje maladi, poutèt ou itilize konje maladi, oswa poutèt ou eseye egzèse nenpòt lòt dwa ki pwoteje avèk Lwa sou Konje Maladi Peye. Si ou kwè patwon ou te fè aksyon vanjans ilegal kont ou, ou ka fè yon plent nan Depatman Afè Konsomatè Vil New York sou entènèt sou sitwèb nyc.gov/consumers oswa ou kapab rele **311**.

POU PATWON AN UTILIZE SÈLMAN

Detèminasyon:	<input type="checkbox"/> Apwouve	<input type="checkbox"/> Refize	Dat Detèminasyon an:	
Moun ki Fè Detèminasyon an:			Rezon, Si se Refi:	
Kantite Konje Minimòm:	<input type="checkbox"/> Obligatwa	<input type="checkbox"/> Pa Anvigè	Dat ou Retounen nan Travay la:	
Dokiman yo:	<input type="checkbox"/> Obligatwa	<input type="checkbox"/> Pa Anvigè	Dat ou Te Bay Dokiman yo:	
Moun ki Te Otorize Peman an:			Dat Peman an:	

Bay yon kopi fòm sa a ou ranpli a pou anplwaye ki gen non li endike anwo a.